



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat : 12 mas 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO AP CHÈCHE APWOBASYON FEDERAL PLAN ETA NY POU PWOGAM
REYABILITASYON LOJMAN AK BIZNIS APRE PASAJ SIKLÒN**

***NYS se Premye Eta ou Gouvenman Lokal ki Pibliye Plan Aksyon pou Premye e \$1,7 Milya nan Finansman
CDBG Federal pou Reyabilitasyon apre Katastwof***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te soumèt pwopozisyon Eta New York pou pwogram lojman ak reyabilitasyon biznis pou ede Nouyòkè ki te devaste nan Sipè Siklòn Sandi, ak tou nan Siklòn Irene ak Tanpèt twopikal Lee. Pwogram sa yo pral pote plizyè milya dola nan èd dirèk pou endividi, pwopriyetè kay, ak ti biznis kap itilize finansman ki soti nan \$60 milyon Èd Sandy ki te gen apwobasyon Kongrè a epi Prezidan Obama te siyen an nan mwa Janvyè. Eta a te deziyen yon ansanm pwogram diferan pou vize spesisikman èd federal pou Nouyòkè ki plis nan bezwen yo epi garanti kominote viktim yo, ak tout rejyon an, ap rekonstwi yon manyè pi entèlijan ak pi solid pase anvan. Eta New York se premye antite gouvemantal viktim ki soumèt plan aksyon li yo pou apwobasyon Depatman. Ameriken pou Lojman ak Devlopman Iben, ajans yo chwazi pou koòdone entèvansyon gouvenman federal la nan Sipè Siklòn Sandy.

“Sipè Siklòn Sandy se pi gwo siklòn ki frape Eta New York ak rejyon nou an nan tout istwa li, epi enpak li te kraze kay ak biznis nan tout Long Island ak zòn metwo a,” te di Gouvènè Cuomo. “Grasa gwo travay ak lidèship Delegasyon Kongrè eta nou an, New York pral resewva plizyè milya dola nan asistans federal pou ede pwopriyetè kay ak biznisman kòmanse reparasyon epi rekonstwi apre domaj Sipè Siklòn te koze, ak tou Siklòn Irene ak Tanpèt Twopikal Lee. Plan sa te monte ak patisipasyon pwopriyetè kay ak ti biznis nan kominote viktim yo, epi la pral sèvi tou kòm yon plan direktè pou gide reyabilitasyon lòjman ak sektè prive nou an.”

Nan mwa janvyè, Kongrè a te vote apwoksimativman \$60 milya nan skredi siplemantè pou kouvri domaj tanpèt la te koze nan Etazini, ladan gen plis pase \$30 milya ki sipoze ale pou Eta New York. Semenn pase, HUD te pibliye règ ak regleman pou itilizasyon premye \$1,7 milya ki pou New York la, epi te envite New York fòmèlman pou li aplike pou fon pou ede pwopriyetè kay, ti biznis, ak kominote viktim nan Sandy, Irene ak Lee ak nan efò reyabilitasyon yap fè jiska prezan. Yo mande HUD pou li bay apwobasyon fòmèl li

Haitian Creole

pou pwogram Eta a pwopoze nan kad pwogram Community Development Block Grant Disaster Recovery (CDBG-DR) anvan yo kapab vèse fon sa bay Eta a. Pwogram ya pale jodi a pral bay andeyò Vil New York, paske Vil New York City pral jere pwogram konsa pou satisfè menm bezwen nan Vil la ak itilizasyon pwòp alokasyon CDBG-DR \$1,7 milya pa yo a.

Plan Aksyon Eta a disponib pou piblik la egzamine sou <http://www.nyshcr.org/Publications/>. Plan Aksyon an reprezante plan depans sèlman pou premye alokasyon fon CDBG-DR epi pa reflekte tout kantite aktivite reyabilitasyon Eta a ap antreprann atravè lòt pwogram onivo federal ak eta a.

Sekretè Lòjman ak Devlopman Iben, Shaun Donovan, ki sèvi tou kòm Prezidan Gwoup Travay Sandy pou Rekonstwiksyon apre Pasaj Siklòn, te di konsa: “Nou travay sere sere ak Eta New York pou idantifye zòn ki toujou nan bezwen epi pou asire n premye seri finansman CDBG-DR sa a ede fanmi ak ti biznis tounen kanpe sou de pye yo. Dapre konvèsasyon nou, nou gen konfyans eta ap vanse nan bon direksyon an, menm lè nou pral revize dènye plan aksyon yo epi asire n yo aliye ak kritè itilizasyon ki te pibliye semenn pase yo. M pa ka tann pou kòmanse konstwi sou patenarya nou kreye ak Gouvènè Cuomo a pou ede kominote nan New York rekonstwi nan yon manyè ki rann yo pi solid, pi konpetitif sou plan ekonomik epi kapab reziste pi byen nan pwochen siklòn lan.”

Poutèt pou eta a kapab distribye fon yo bay Nouyòkè ki elijib pou èd, HUD dwe apwouve fòmèlman pwogram Eta a te pwopoze yo. Piblikasyon plan an ouvri yon peryòd sèt jou obligatwa onivo federal pou piblik la ka fè kòmantè anvan dènye revizyon HUD.

“Nap travay nan men nan men ak patenè federal nou yo chak jou san rete depi jou Sandy te frape a. Eta a pral bay kelkeswa asistans ak kolaborasyon ki nesèsè pou fè HUD apwouve plan sa yo san pèdi tan pou nou kapab resevwa èd sa pou Nouyòkè yo ki bezwen eki merite l,” te ajoute Gouvènè Cuomo.

Egzekitif Konte Nassau, Edward P. Mangano te di konsa, “Fon Federal sa yo enpòtan anpil pou ede rezidan nou yo refè apre domaj Siklòn Sandy a. Grasa pwogram sa yo, nou pral ede satisfè bezwen imedya pwopriyete kay yo, ede biznis yo reprann yo pou ekonomi nou an ka kontinye devlope, epi kòmanse rekonstwi kominote nou yo yon manyè pi solid. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèship ak angajman li nan ede rezidan Nassau reprann yo.”

Egzekiti Konte Suffolk Steve Bellone te di donsa, “Konte Suffolk ap tann ak enpasyans pou l travay ak Eta New York pou administre fond CDBG bay viktim Siklòn Sandy yo. Rekonstwiksyon se yon pryorite pou rezidan nou epi nap di bravo pou Gouvènè Cuomo pou kreyasyon pwogram vital pou satisfè bezwen rezidan Konte Suffolk yo.”

Alokasyon pwogram ki swiv yo baze sou premye \$1,7 milya Eta a te rann disponib. Lòt finansman nan alokasyon ki vin apre pral kontinye pou reponn ak bezwen zòn sa yo.

Lòjman

300.000 kay atravè eta a te kraze nan yon fason ou yon lòt nan Sipè Siklòn Sandy sèlman, epi apwoksimativman de-tyè nan tout pwopriyete ki te inonde nan Sandi pa te gen asirans inondasyon. Menm kote pwopriyete kay gen asirans, nan anpil ka, yo pa te ranbouse yo tout kòb ki te nesèsè pou repare domaj, sa ki te kite fanmi ak yon gwo chaj reparasyon ak reyabilitasyon sou do yo. Anplis, anpil fanmi pa gen mwayen pou investi nan atenyasyon katastwòf pou redwi risk domaj alavni, menm si investisman sa yo vo lapenn epi sove lavi alontèm. Pou ede pwopriyete kay ki viktim twa siklòn sa yo reprann yo, Eta New York ap mande HUD apwouve yon seri pwogram lojman pou ede fanmi rekonstwi kay yo pi byen epi ak plis entelijans.

Lojman endividyèl (pou yon sèl fanmi) : \$788 Milyon:

- Rekreye Sibvansyon Reparasyon ak Rekonstriksyon Entelijan Kay NY - \$233 milyon: Pwopriyete kay ki nan konte ki viktim Sipè Siklòn Sandy, Siklòn Irene ak Tanpèt twopikal Lee, ki gen kou reparasyon ouben ranplasman kay yo ki depase finansman yo te resevwa lòt kote, ka elijib pou Sibvansyon Reparasyon ak Rekonstriksyon Kay Entelijan NY. Sibvansyon sa yo va kouvri diferans yo ki genyen ant ranbousman ki resevwa ak montan pèt pwopriyete kay la te sibi a. Paregzanp, si yon pwopriyete kay te sibi \$110.000 domaj deja resevwa \$50.000 nan men FEMA ak konpayi asirans li a, li ka elijib pou yon lòt sibvansyon \$60.000 pou reparasyon ki rekonèt nan pwogram sa. Reparasyon ak reyabilitasyon ka obligatwa pou respekte nòm konstriksyon vèt ak pou amelyore efikasite enèjetik, si sa nesèsè.
- Rekreye Sibvansyon Rezistans Kay Entelijan NY - \$259 milyon: Yon pwopriyete kay ki gen pwopriyete andomaje an pati nan plenn inondasyon 100 lane a, ouben ki gen pwopriyete li andeyò plenn inondasyon an ki te kraze anpil, ka elijib pou finansman pou sipòte pwojè atenyasyon kap diminye risk pou gen lòt domaj nan kay yo. Pwojè ki sibvansyon yo pral rann kay sa yo mwen vilnerab nan yon manyè konsiderab nan ka domaj siklòn koze, epi pral sove pwopriyete yo anpil atravè pi ba prim asirans inondasyon. Nan pi fò ka yo, sibvansyon yo kouvri tout kou yon atenyasyon konsa ki pa resevwa lòt èd. Mete sou pye atenyasyon ka obligatwa pou respekte nòm konstriksyon vèt ak pou amelyore efikasite enèjetik, kose sa nesèsè.
- Rekreye Pwogram Buyout Kay Entelijan NY - \$171 milyon: Sèten zòn ki gen gwo risk inondasyon tanzantan, kap koze domaj nan kay epi riske lavi rezidan ak sekouris. Pou redwi risk sa yo epi bay rezidan yo opòtinite pou kite pwopriyete yo, Eta New York pral ofri Buyouts volontè pou kay ki te:
 - o Kraze anpil anndan plenn inondasyon 500 lane a, ouben
 - o sitiye anndan zòn buyout ki detèmine an kote te gen domaj ak kote pwopriyete a gen chans pou sibi lòt domaj akòz nivo lanmè ak lòt faktè. Zòn buyout amelyore sa yo pral chwazi nan tèt ansanm ak otorite gouvènmantral onivo konte a ak lokal yo.

Nan chak zòn gwo risk yo, pral gen yon entèdiksyon sou rekonstriksyon epi zòn sa yo pral sèvi kòm zòn tanpon. Dapre pwopozisyon Eta a, ki dwe jwenn apwobasyon HUD, redevlopman pwopriyete ki deyò plenn inondasyon 100 lane ki achte atravè yon buyout ap otorize, depi nouvo strikti an konstrwi pou diminye inondasyon ki gen pou fèt pi devan. Pwopriyete kay ap enfòmè si yo elijib pou yon buyout apre HUD finn apwouve plan sa a.

Pwopriyete kay ki elijib pou yon buyout pral resevwa tout kòb kay la te vo anvan siklòn lan jiska limit prè FHA a. Yon prim jiska 5% pral bay pou fanmi ki relokalize nan konte ouben awondisman kote yo soti.

Lojman kolektif (pou plizyè fanmi: \$124 Milyon:

- Sibvansyon Reparasyon ak Rekonstriksyon Ti Lojman Kolektif - \$31 milyon: Sibvansyon pral disponib pou ede repare, reyabilite ak/ouben repare 3 -7 unite pwopriyete ki te sibi domaj siklòn. Nan tout ka yo, sibvansyon sa yo pral kouvri pèt ki pa jwenn lòt konpansasyon. Reparasyon ak reyabilitasyon ka obligatwa pou respekte nòm konstriksyon vèt ak pou amelyore efikasite enèjetik, si sa nesesè.
- Sibvansyon Atenyasyon Ti Lojman Kolektif - \$62 milyon: Sibvansyon pral disponib pou 3 -7 inite properties ki lokalize nan plenn inondasyon 100 lane pou sipòte pwojè atenyasyon ki redwi risk domaj pi devan. Pou resevwa sibvansyon nan kad pwogram sa, pwopriyete byen pou flokasyon pral blije lwe omwen 51% inite nan pwopriyete yo bay Nouyòkè ki gen revni ba ak mwayen. Nan tout ka yo, sibvansyon sa yo pral kouvri kou atenyasyon ki pa konpanse ak lòt sous. Mitigation konstriksyon ka mande pou respekte nòm konstriksyon vèt ak pou amelyore efikasite enèjetik, kote ki mande sa.
- Sibvansyon Atenyasyon Gwo Lojman kolektif - \$31 milyon: Pwopriyete lojman kolektif, ki gen 8 ouben plis inite, sipoze kenbe kouvèti asirans apwopriye ki pral konpanse yo pou domaj ki sibi nan siklòn. Rekonèt pwopriyete sa yo ka pa investi nan pwojè ki gen pou wè ak atenyasyon pou kont yo nan mete kapital inisyal la, Eta New York pwopoze pou yo bay prim pou ankouraje yo pran mezi kap redwi risk pou Nouyòkè kap viv sou pwopriyete yo. Sibvansyon atenyasyonn ka vin disponib pou seleksyone pwojè ki bay prè amelyorasyon rezistans bilding yo kont fiti siklòn, tankou depasman sistèm elektrik nan sousòl pou mete l nan yon nivo pi wo andan bilding lan. Elijibilite limite pou bilding ki sibi domaj nan Sandy eki nan 100-year floodplain lan. Sibvansyon konstriksyon endividyèl pral gen yo plafònman pou chak bilding. Atenyasyon konstriksyon ka obligatwa pou respekte nòm konstriksyon vèt ak pou amelyore efikasite enèjetik, kote sa nesesè.

ASISTANS POU BIZNIS

Sipè siklòn Sandy te koze gwo dega nan ekonomi Eta New York la, epi li te andomaje plizyè milye ti biznis. Anplis, ti biznis ki te frape nan tou de Siklòn Irene ak Tanpèt twopikal Lee kontinye fè fas ak bezwen ki parèt apre siklòn sa yo. Eta a pwopoze pou itilize \$415 milyon pou ede biznis ranplase ouben repare

envantè ak ekipman ki pèdi ouben andomaje, repare ak atenyè domaj nan lokal yo, epi kouvri bezwen ki genyen pou fond woulman

Refè Biznis: \$415 milyon

- Sibvansyon Ti Biznis – \$233 milyon: Eta New York pral dirije fon sibvansyon pou ede biznis, tankou aktivite elvaj ak agrikòl, ak aktivite ki pap fè pwofi yo ki sibi domaj fizik ouben pèt inventè, nan Sipè Stòm Sandy, Siklòn Irene ouben Tanpèt twopikal Lee. Sibvansyon jiska \$50.000 pou kouvri pèt elijib ki pa konpanse pwopoze pou pèmèt yon biznis viktim achte ouben repare ekipman nesèsè yo, repare ouben rekonstri lokal ki te andomaje ouben kraze nan siklòn lan, ak/ouben bay fon woulman nesèsè a pou kenbe ak agrandi biznis la. Eta a ka alonge sibvansyon an jiska yon total \$100.000 pou biznis ki te sibi domaj fizik epi ki riske fèmen ouben voye anpil anplwaye ale san okenn agrandismand biniz la. Sibvansyon Spesyal Atenyasyon Biznis jiska \$100.000 te pwopoze tou pou kouvri depans tankou entalasyon jeneratris backup ouben elevasyon ekipman enpòtan, ede prevni domaj nan biznis sa yo alavni lè gen dezast.
- Prè Ti Biznis - \$130 milyon: Eta New York pral kreye yon pwogram prè ak to enterè ba pou ede ti biznis, enkontan aktivite elvaj ak agrikòl, ak sa ki pa rapòte pwofi, ki riske sibi pèt nan envantè, byen fizik akòz siklòn lan. Prè jiska \$1 milyon ka disponib pou ede biznis sa yo achte ouben repare ekipman nesèsè, repare ak rekonstwi lokal ki te andomaje ouben kraze nan siklòn lan, epi/ouben bay fon woulman nesèsè pou kenbe ak agrandi biznis la. Prè pi gwo montan ka disponib pou biznis kalifye ki riske fèmen ouben voye anpil anplwaye ale. Kondisyon yo pral fleksib, ak to enterè kap rete pi ba 2% pou anprentè.
- Sèvis Konsiltasyon, Ankadreman, & Lòt Sèvis Pwofesyonèl – \$3 milyon: Eta New York pral kreye yon rezo sou entènèt pou fasilite koneksyon ant konsiltan ak om dafè ki vle bay sèvis konsiltasyon ak ankadreman pou ti biznis ki te pran gwo frap nan siklòn lan. Jiska \$3 milyon pral itilize pou konstwi yon rezo epi sipòte founisè sèvis konsiltasyon ak ankadreman. Sèvis sa yo ka gen ladan yo asistans nan jesyon finansye, imobilye, maketing, jiridik, ak nan zafè endistri..
- Pwogram Refè Endistri Lapèch sou Kòt yo—\$20 milyon: Lapèch sou kòt sipòte plizyè milye djòb nan Eta New York. Sipè Siklòn Sandy te koze gwo gwo domaj nan pèchri sou tout kòt New York, epi pandan pèchri sa yo pral toujou kalifye pou patisipe nan lòt pwogram asistans pou ti biznis, endistri a resevwa konsiderasyon spesyal. Pou ede endistri vital sa refèt, Eta New York pral kreye yon pwogram sibtle pou sipòte sibvansyon jiska \$50.000 disponib pou biznis viktim. Sibvansyon sa yo va kouvri pèt elijib ki pa konpanse epi ede endistri a prepare kounye a pou sezon lapèch kap vini an.
- Pwogram Reyabilitasyon Endistri Touris Sezonye— \$30 milyon: Pandan biznis touris sezonye sa yo pral elijib tou pou yo patisipe nan lòt pwogram asistans pou ti biznis, ti biznis sezonye nan kominote sou kòt ak bò rivyè yo mande yon enjeksyon imedya sipò pou garanti yo ka reouvèti yo ak fonksyonman yo atan pou sezon ete kap vini an.. Kidonk, Eta a ap chèch bay sibvansyon jiska \$50.000 pou biznis ki kalifye nan endistri sa.

Sibvansyon yo pral kouvri pèt elijib ki pa konpanse ak bezwen fon woulman pou ede yo prepare pou sezon kap vini an.

BANK ENFRASTRIKTI

Eta New York pral kreye yon bank enfrastrikti kap la pou ede koòdone devlopman enfrastrikti ak investiman nan tout rejyon devaste a. Yon premye kapitalizasyon \$20 milyon nan premye alokasyon fon CDBG-DR pral konbine ak fon Eta epi angaje pou finanse pwojè enfrastrikti elijib ki aplike pou asistans atravè Bank lan. Bank lan pral benefisye New York lè li vini ak yon nouvo apwòch santralize nan desizyon ki gen pou wè ak enfrastrikti olyede yon pwosesis anksyonde chak pwojè spesifik pou yon ajans. Fokis investisman Bank la pral sou pwojè ki ogmante rezistans enfrastrikti zòn lan pou fèfas ajk fiti menas ouben bay repetisyon sistèm kritik. Yo espere Bank la pral finanse jiska \$200 milyon dola atravè seri alokasyon annapre yo ouben lòt montan ki pral detèmine ansanm ak HUD.

Bank la pral pase plizyè etap pou reyalize objektif sa yo, tankou devlopman yon sistèm pou priorize pwojè ak inisyativ enfrastrikti, founi yon apwòch santralize nan pwosesis planifikasyon enfrastrikti Eta a, jere fon reyabilitasyon Eta a pou enfrastrikti ak lòt sous kapital, negosye opòtinite pou investisman sektè prive nan enfrastrikti epi finanse pwojè ki apwouve. Pwosesis planifikasyon ak ekspètiz New York Works Task Force pral rantre nan fonksyon Bank la.

Bank la ka itilize fon ki soti nan plizyè sous, tankou fon reyabilitasyon federal, revni reafekte ouben kreye, benefis ki soti nan vant obligasyon alontèm ak amelyorasyon kredi ak lòt antite leta. Anplis, Bank lan pral travay ak tou de sektè prive ak piblik pou fè leve fon pou finanse devlopman enfrastrikti. Yon avantaj Bank lan pral genyen se kapasite pou konbine plizyè sous finansman (parezanp fon federal ak fon prive) pou finanse pwojè ak tout efikasite posib. Bank lan pral fè prèv pwojè potansyèl ki pou angaje sektè prive nan opòtinite pou investisman nan enfrastrikti.

PWOGRAM ZÒN REKONSTRIKSYON KOMINOTÈ

Eta New York pral etabli pwogram Zòn Rekonstriksyon Kominotè (CRZ) pou fasilite kominote fè planifikasyon pou rekonstwi ak revitalize kominote ki kraze anpil yo. Eta a antisipe alokasyon apwoksimativman \$25 milyon depi premye alokasyon sa pou bay sibvansyon planifikasyon nan kominote ki te sibi enpak nan tout kominote a. Alokasyon pi devan pral sèvi pou egzekite plan final CRZ. Sibvansyon planifikasyon pral fasilite ekspè ki sot deyò kòm konsiltan rete nan yon komite kominotè kap patisipe nan planifikasyon, ak tou nan reyalizasyon etid kritik pou detèmine prensipal vilnerabilite ak bezwen kominote a. Eta a pral bay enfòmasyon ak konsèy bay komite yo pou ede yo nan idantifikasyon ak itilizasyon efikas ak pou tout bon resous ki sot deyò sa yo. Yo prevwa pwogram CRZ la pral finanse jiska \$500 milyon ouben montan sa orak detèmine ansanm avèk HUD.

FON REZISTANS AK RENOVASYON LOKAL KI NAN ETA KRITIK

Atenyasyon ki gen pou wè ak enèji esansyèl pou lokal sèvis esansyèl ki gen ladan, patikilyèman, lopital, sant swen enfimye, ak lòt enstalasyon pou popilasyon vilnerab. Anpil lokal sèvis esansyèl pa te gen sistèm kouran backup ouben te gen sistem backup ki pat mache byen eki te tonbe pandan siklòn lan. Konsekans lan, anpil lokal te oblije evakye pasyan sa ki te poze yon pi gwo risk pou pasyan sa yo pase yo te pèmèt yo rete sou plas pandan siklòn lan.

Pou fè fas ak bezwen kritik sa, Eta New York pral etabli Fon Rezistans ak Renovasyon. Eta a antisipe alokasyon apwoksativman \$30 milyon nan premye alokasyon finansman CDBG-DR sa pou pote amelyorasyon ouben ogmantasyon kredi pou finansman sektè prive pwojè atenyasyon ki gen pou wè ak enèji.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418